



# ISTWA AK JEWOGRAFI JENERAL

**Jedi** 13 Jen 2013 — 9:15 a.m. jiska 12:15 p.m., sèlman

Non Elèv la \_\_\_\_\_

Non Lekòl la \_\_\_\_\_

**Posesyon oswa itilizasyon nenpòt aparèy kominikasyon entèdi fòmèlman pandan w ap fè egzamen sa a. Si ou genyen oswa itilize nenpòt aparèy kominikasyon, menm si se pou yon ti tan, egzamen ou an p ap valab, epi ou p ap jwenn nòt pou li.**

Ekri non w ak non lekòl ou ak lèt enprime sou liy ki pi wo la yo. Yo ba ou yon fèy repons apa pou Pati I an. Swiv enstriksyon siveyan an pou mete enfòmasyon elèv nan fèy repons ou. Answit, mete enfòmasyon yo mande ou yo nan tèt chak paj tiliv redaksyon ou.

Egzamen sa a gen twa (3) pati. Ou fèt pou reponn **tout** kesyon ki nan tout pati yo. Sèvi ak plim nwa oswa plim ble fonsè pou w ekri repons pou Pati II, IIIA ak IIIB.

**Pati I** an gen 50 kesyon ochwa miltip. Ekri repons ou pou kesyon sa yo selon eksplikasyon ou jwenn sou fèy repons lan.

**Pati II** a gen yon kesyon redaksyon tematik. Ekri repons ou pou kesyon sa a nan tiliv redaksyon an, kòmanse nan paj 1.

**Pati III** a baze sou plizyè dokiman:

**Pati III A** a genyen dokiman yo. Lè ou rive nan pati sa a nan egzamen an, ekri non ou ak non lekòl ou sou premye paj chak seksyon.

Chak dokiman akonpaye ak yon kesyon oswa plis. Ekri repons ou pou chak kesyon ki nan tiliv egzamen sa a sou li ki vini apre kesyon an.

**Pati III B** a genyen yon kesyon redaksyon ki baze sou dokiman. Ekri repons ou pou kesyon sa a nan tiliv redaksyon an, kòmanse nan paj 7.

Lè w fini egzamen an, ou fèt pou siyen deklarasyon ki enprime nan fen fèy repons lan, pou w endike ou pa t konnen kesyon oswa repons yo ilegalman anvan egzamen an, epitou ou pa t ni bay ni pran poul pou reponn kesyon yo pandan egzamen sa a. Yo p ap aksepte fèy repons ou an si w pa siyen deklarasyon sa a.

**PA LOUVRI TILIV EGZAMEN SA A JOUK YO BA OU SIYAL POU FÈ SA.**

## Pati I

### Reponn tout kesyon ki nan pati sa a.

*Enstriksyon* (1–50): Pou chak deklarasyon oswa kesyon, ekri sou fèy repons apa a *nimewo* mo oswa ekspresyon ki, nan sa yo bay yo, pi byen konplete deklarasyon an oswa ki pi byen reponn kesyon an.

Sèvi ak pasaj ki anba la a ak konesans ou nan syans sosyal 1.

... Wout navigab Ewòp yo se te yon benediksyon. Rivyè li yo t ap koule dousman nan bè navigab ki pwoteje. Ren se yon rivyè laj k ap koule dousman epi ki kapab sèvi kòm yon otowout pou machandiz ak moun. Meditèrane se prèske yon lak ki kalm epi ki gen anpil gwo pò. Konpare sa a avèk Afrik. Menmsi Afrik se dezyèm pi gwo kontinan an, li gen litoral ki pi kout, epi pifò ladan pa fon ditou pou bati gwo pò yo. Pifò nan gwo rivyè li yo—k ap koule vit, ki ekstrawòdinè, ki gran anpil [kokennchenn]—pa navigab. Anplis chalè twopikal ak pwopansyon [tandans] pou maladi ak dechè manje, epi ou gen yon eksplikasyon jewografik enteresan pou sou-devlopman afriken an—sètènman pa sèl faktè a, men tou yon faktè ki enpòtan....

— Fareed Zakaria, *The Post-American World*,  
W. W. Norton & Company, 2008


- 1 Ki konklizyon sou jewografi kontinan sa yo ki pi byen sipòte nan pasaj sa a?
  - (1) Ewòp ak Afrik gen menm klima a.
  - (2) Ewòp ak Afrik gen anpil gwo pò ki fon.
  - (3) Wout navigab yo se yon benediksyon jewografik nan Ewòp ak Afrik.
  - (4) Sistèm rivyè yo te ede devlopman nan Ewòp epi yo te antrave li nan Afrik.

---

- 2 Lide pèsònèl ak byè nan sous istwa ki ekri yo montre nesosite pou pran prekosyon avèk
  - (1) plajya
  - (2) moman enpòtan
  - (3) dwa moun
  - (4) pwendvi
- 3 Ki syantifik sosyal ki sitou etidye rate resous ak distribisyon machandiz ak sèvis?
  - (1) antwopològ yo
  - (2) syantifik politik yo
  - (3) ekonomi yo
  - (4) istoryen yo

- 4 Ant ane 500 Anvan Jezi-Kri ak ane 1500 Apre Jezi-Kri, migrasyon pèp bantou Afrik la te pèmèt yo simaye
  - (1) ladrès nan lang ak ladrès nan metaliji
  - (2) pòslèn ak kanon
  - (3) chamo ak Islam
  - (4) ekriti kinneyifòm ak bato galè
- 5 Kisa ki te yon rezon pou feblès dinasti Han ak Lanpi Women oksidantal?
  - (1) deklanchman lagè ant gwoup relijye yo
  - (2) enkapasite pou chase anvayisè etranje yo
  - (3) efò klas mwayèn nan pou vin gen pouvwa a
  - (4) mank yon monè komen
- 6 Dis (10) Kòmmanman yo, Optik Santye ak Senk Pilye Lafwa, yo chak sèvi pou
  - (1) bay fidèl yo yon gid pou yo viv
  - (2) kreye sistèm lajistis
  - (3) detèmine distenksyon ant klas sosyal yo
  - (4) bay règleman pou anplwaye gouvènman an
- 7 Ki deklarasyon sou premye sivilizasyon vale Rivyè Endis ki se yon pwendvi alaplas yon reyalite?
  - (1) Kiltivatè yo te grandi yon sipli òj, ble ak fwi dat.
  - (2) Pèp Endis la te devlope yon sistèm ekriti.
  - (3) Vil planifye yo te endike yon itilizasyon teknoloji.
  - (4) Site-eta endis yo te pi devlopman nan peryòd tan an.
- 8 Entwodiksyon alfabè sirilik la ak Krisyanis Òtodòks nan Lawisi pi asosye avèk
  - (1) konkèt Viking yo
  - (2) misyonè bizanten yo
  - (3) fòs lame Aleksann Legran
  - (4) ekspansyon otoman

Sèvi ak kat jewografik ki anba la a ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 9 la.



Sous: MSN Encarta Encyclopedia (adapte)

9 Ki patikilarite jewografik ki ta pi ka jennen agrandisman Gupta yo an sa ki se Lachin nan tan modèn nan?

- |                 |                    |
|-----------------|--------------------|
| (1) Dezè Ta     | (3) Montay Imalaya |
| (2) Plato Dekan | (4) Bè Bengal      |

10 Kisa ki te yon rezilta Revolisyon Komèsyal Ewopeyen?

- (1) yon bès nan komès epis
- (2) destwiksyon papote a
- (3) devlopman kapitalis la
- (4) plis depandans sou twòk

- 11 • Konkèt Gana  
 • Eksperyans yon lajdò anba Mansa Musa  
 • Moske ak lekòl yo bati nan Timbuktu

Ki sivilizasyon ki pi asosye dirèkteman avèk deskripsyon sa yo?

- |            |           |
|------------|-----------|
| (1) Aksoum | (3) Kouch |
| (2) Benen  | (4) Mali  |


12 Yon fason Karannsenk Tèz Martin Luther ak Lwa Sipremasi Henry VIII sanble sèke toulède

- (1) ensiste sou enpòtans Labib
- (2) te lakòz Lagè Trant Ane
- (3) konteste otorite Legliz Katolik
- (4) te ede inifye Kreyente

13 Niccolò Machiavelli te ekri *The Prince* kòm yon gid pou gen siksè nan

- (1) lavi fanmi yo
- (2) politik
- (3) pwojè ekonomik
- (4) bousdetid

Sèvi ak dyagram ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal 14 la.



14 Ki konsèp yo pi byen eklèsi nan dyagram sa a?

- (1) sik dinasti (3) yerachi sosyal  
(2) sistèm asosyasyon (4) divilgasyon kilti

15 Ki evènman ki te make monte an puisans Lanpi Otoman nan ane 1453?

- (1) nesans Muhammad  
(2) konkèt Konstantinòp  
(3) syèj Vyèn  
(4) lanmò Saladin

16 Reyabilitasyon dominasyon chinwa, vwayaj Zheng He, ak re-entwodiksyon egzaminasyon nan sèvis sivil, yo tout asosye avèk

- (1) dinasti Ming (3) Lanpi Songhai  
(2) dinasti Abbassid (4) siltana Delhi

17 Ki etap Catherine the Great te fè ki annamoni avèk lide Syèk Limyè?

- (1) lòd yo pase pou boule liv yo  
(2) ranfòsman enstitisyon esklavaj  
(3) agrandisman teritwa ris nan Ikrèn  
(4) konsiderasyon yon kòd lalwa ki ta trete tout sitwayen yo egale

18 Ki deklarasyon ki pi byen dekri sivilizasyon aztèk nan epòk Rankont lan?

- (1) Ti gwoup klan nomad yo te fè konpetisyon pou manje.  
(2) Plizyè gwoup etnik te gen reprezantasyon nan yon enstitisyon lejislatif.  
(3) Absans yon estrikti klas sosyal te kreye kondisyon lavi ki twouble.  
(4) Pratik agrikòl avanse yo te sipòte gwo sant iben yo.

19 • Amerik yo vle di “Nouvo Monn.”  
• Pati Lès Azi vle di “Ekstrèm Oryan.”  
• Sidwès Azi vle di pati “Mwayennoryan.”

Kimoun ki gen lide ki pi byen reprezante nan non espas rejyonal sa yo?

- (1) Chinwa yo (3) Ewopeyen yo  
(2) Afriken yo (4) Endyen yo

20 Pou kisa Katolis la se yon gwo relijyon yo pratike nan Amerik Latin?

- (1) Panyòl yo te konkeri ak kolonize pifò nan Amerik Latin.  
(2) Pap la te rezoud konfli sou fwontye entènasyonal nan Amerik Latin.  
(3) Yo te entwodui kwayans tradisyonèl Afriken yo nan kilti Amerik Latin.  
(4) Legliz te bay Amerik Latin yon gouvènman santral ki fò.

21 Ki patikularite jewografik ki te prezante yon anpèchman pou fòs Simón Bolívar yo?


- (1) Dezè Sahara (3) Gran Vale Rift  
(2) Montay And yo (4) Detwa Malaka

22 Yon fason Revolisyon Endistriyèl la nan Grannbretay nan 18yèm syèk la ak mildyou pòm detè nan peyi Ilann nan 19yèm syèk la sanble sèke toulède te lakòz dirèkteman

- (1) gwo migrasyon moun  
(2) distribisyon richès ki pi egale  
(3) ogmantasyon nan kantite kiltivatè sibsistans  
(4) ogmantasyon rapid yo nan pwodiksyon manje

Sèvi ak kat jewografik ki anba la a ak konesans ou nan syans sosyal 23 ak 24.

**Uit (8) Sikui Sistèm Mondyal 13yèm Syèk la**



Sous: Janet L. Abu-Lughod, *Before European Hegemony: The World System A. D. 1250–1350*, Oxford University Press, 1989 (adapte)

23 Dapre kat jewografik sistèm mondyal 13yèm syèk la, kilès nan sikui sa yo ki te limite a yon kontinan?

- (1) I
- (2) II
- (3) V
- (4) VI

24 Enfòmasyon ki sou kat jewografik sa a vle di komès te fè rejyon sa yo

- (1) militè
- (2) entè-depandan
- (3) izolasyonis
- (4) etnosantrik

25 Ki aksyon ki Japon te fè pandan Reyabilitasyon Meyiji?


- (1) li te kreye yon sistèm sosyal nan avantaj samouray yo
- (2) li te voye espè yo aprann nan nasyon oksidantal modèn yo
- (3) li te kite lide kominis domine gouvènman li a
- (4) li te kòmanse yon pwogram dinamik pou chase fabrikan etranje yo

26 Kisa ki te yon rezon prensipal ki fè nasyon ewopeyen yo te fè konpetisyon pou kontwòl Afrik pandan dezyèm mwatye ane 1800 yo?

- (1) Afrik te gen anpil resous natirèl.
- (2) Travay esklav te nesèsè nan Amerik yo.
- (3) Nasyon afriken yo te ofri libète relijye ak politik.
- (4) Ewopeyen yo te bezwen tè pou popilasyon siplemantè yo.



Sèvi ak komik ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal 27 la.



YON GWO REDIKTÈ.

Sous: Ket, *Literary Digest*, September 27, 1919 (adapte)

27 Komik lan asosye avèk evènman imedyatman apre ki lagè?

- |                    |                       |
|--------------------|-----------------------|
| (1) Franco-Prisyen | (3) Premye Gè Mondyal |
| (2) Wis-Japonè     | (4) Dezyèm Gè Mondyal |

28 Konviksyon ki endike travayè lemond yo ta ini pou kapote diktatè yo se konviksyon ki santral pou

- (1) Dawinis Sosyal
- (2) Maksis
- (3) konsèvatis
- (4) kapitalis lesefè

29 Tèm *esfè enflyans*, *ekstra-terityalite*, ak *otorite* pi asosye deprè avèk

- |                       |                 |
|-----------------------|-----------------|
| (1) sekirite kolektif | (3) enperyalis  |
| (2) militaris         | (4) endepandans |

30 Nan Ewòp pandan ane 1930 yo, enstabilite ekonomik te lakòz

- (1) monte diktati fachis
- (2) devlopman zam nikleyè
- (3) abandon teritwa kolonyal yo
- (4) kreyasyon Lig Nasyon

Sèvi ak pasaj ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal 31 ak 32.

Privilèj pou louvri premye pwochè nan listwa pou krim kont lapè lemond enpoze yon responsablite ki grav. Enjistis n ap chèche kondane ak pini yo te tèlman kalkile, tèlman malveyan, ak tèlman devastatè, sa sivilizasyon pa kapab tolere yo meprize yo, paske li pa kapab siviv bagay sa a k ap repete a. Kat (4) gwo nasyon yo, ki vin pi fò avèk viktwa epi ki blese anpil rete [sispann] men vanjans lan epi soumèt lenmi kaptif yo avèk volontè yo nan jijman lalwa se youn nan tribi ki enpòtan Pouvw a te janm peye pou Rezon....

— Chief Prosecutor Robert H. Jackson, November 21, 1945, Nuremberg

31 Enjistis yo ki endike nan pasaj sa a gen ladan

- (1) dominasyon Itali sou Etyopi
- (2) envazyon Inyon Sovyetik te fè nan Afganistan
- (3) ansasinay yon gwo kantite Jwif ak lòt moun nan kan konsantrasyon yo
- (4) lanmò sòlda ameriken yo pandan Mach Lanmò Bataan

32 Pòtpawòl la fè konnen prensip direktè pwochè a se pral

- (1) peman reparasyon yo
- (2) refi pou pran responsablite
- (3) selebrasyon viktwa
- (4) jijman lalwa

Sèvi ak foto ki anba la yo ak sa ou konnen nan syans sosyal 33 ak 34.

### Mohandas Gandhi



Sous: Stanley Wolpert, *Gandhi's Passion: The Life and Legacy of Mahatma Gandhi*, Oxford University Press

### Kemal Atatürk




Sous: *Mustafa Kemal Atatürk*, Compiled by İlhan Akşit, Istanbul (adapte)

- 33 Rad Mohandas Gandhi peyi Lend te mete ak rad Mustafa Kemal Atatürk of peyi Latiki te mete endike dezi dirijan sa yo pou
- (1) respekte kwayans relijye tradisyonèl yo
  - (2) adapte avèk prensip kiltirèl lavi iben
  - (3) pwoteste opresyon dominasyon kominis
  - (4) fè yon deklarasyon politik pou nasyon yo chak apa
- 34 Yo te rekonèt toulède dirijan yo pou angajman yo pou
- |                           |                        |
|---------------------------|------------------------|
| (1) Fondamantalis islamik | (3) dezobeyisans sivil |
| (2) mouvman nasyonalis    | (4) plan kenkenal yo   |
-

Sèvi ak kat jewografik ki anba la a ak konesans ou nan syans sosyal 35 lan.

**Kwasans Lanpi Japonè, 1931–41**



Sous: *Historical Maps on File, Revised Edition, Volume II, Facts on File* (adapte)

35 Dapre enfòmasyon ki nan kat jewografik sa a, kijan devlopman Lanpi Japonè a te afekte Lachin?

- (1) Lachin te achte teknoloji militè japonè.
- (2) Lachin te anvayi Endochin Franse.
- (3) Lachin te fòse adopte kilti koreyen an.
- (4) Lachin te pèdi kontwòl anpil pò maritim lès li yo.

36 Ki devlopman nan istwa Kiba ki te genyen *anvan*?

- (1) Etazini te enpoze yon izòlman naval kont Kiba.
- (2) Inyon Sovyetik te bati baz misil nan Kiba.
- (3) Fidèl Kastwo te pran pouvwa a avèk lafòs nan Kiba.
- (4) Gouvènman kominis lan nan Kiba te sezi pwopriyete etranje yo.

37 Kreyasyon Inyon Ewopeyen (EU) ak Akò Amerik-di-Nò pou Echanj Lib (NAFTA) te deziyen pou

- (1) bay avantaj pou nasyon manm yo avèk rediksyon dwa ladwàn yo
- (2) aplike politik enèji dirab
- (3) kreye yon sistèm tribinal san pati pri
- (4) kreye alyans militè rejyonal ki pi fò



Sèvi ak komik ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 38 la.



Sous: Cox & Forkum, Cox & Forkum Editorial Cartoons online, November 21, 2004 (adapte)

38 Ki pwoblèm ki se objektif komik 2004 sa a?

- |                       |                           |
|-----------------------|---------------------------|
| (1) rechofman atmosfè | (3) tansyon etnik         |
| (2) migrasyon mondyal | (4) pwoliferasyon nikleyè |

- 39 • Etazini te ofri èd pou Latiki (1947).  
 • Inyon Sovyetik te ede finanse Aswan Dam nan peyi Ejip (1956).  
 • Etazini te sipòte yon koudeta nan peyi Irak (1963).

Ki konklizyon ki kapab fèt sou Mwayennoryan nan sitiyasyon sa yo ki te genyen pandan Gèfwad la?

- (1) Li te sèvi kòm yon alye enpòtan pou Inyon Sovyetik.
- (2) Li te devlope yon politik apezman.
- (3) Li te vin yon sant konpetisyon estratejik ant sipè-puisans yo.
- (4) Li te pèmèt Nasyonzini kreye politik etranje reyon an.

40 Nan ki rejyon jewografik Aung San Suu Kyi te travay di pou mennen refòm demokratik?

- |                  |                 |
|------------------|-----------------|
| (1) Sidès Azi    | (3) Azi Santral |
| (2) Mwayennoryan | (4) Lwès Afrik  |

Sèvi ak pasaj ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 41 an.


... Yo te konsidere Nijerya lontan kòm yon modèl pou jèn demokrasi afriken yo. Nijerya jennen anba pwa inimitye [ostilite] pami kat (4) tribi prensipal—Hausas Mizilman ak Filani yo nan Nò, Yoriba yo nan Lwès ak Ibo entèlijan yo nan Lès. Nan mwa janvyè 1966, senk (5) ane apre endepandans lan, yon gwoup moun ki te gen alatèt yo ofisye fòs lame Lès te kapote rejim Sir Abubakar Tafawa Balewa ki te anba dominasyon Nòdès epi yo te ekspoze gwo doulè rivalite antik yo. Moun nò yo te replike avèk yon koudeta ki te enstale [Jeneral Yakubu] Gowon, epi kòlè emosyonèl yo te eksploze nan masak anpil milye Ibo ki t ap viv nan Nò a...

— *Time*, June 9, 1967

41 Pasaj sa a bay eklèsisman sou enpak fidelite etnik kapab genyen sou

- (1) konsèvasyon kontwòl kolonyal
- (2) sipò pou non-aliyman
- (3) devlopman inite nasyonal
- (4) konsèvasyon relijyon tradisyonèl yo

Sèvi ak komik ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 42 ak 43.



Sous: Godfrey Mwampembwa, *Nation*, Nairobi, Kenya, March 5, 2005

42 Yon tèm santral komik sa a sèke moun ki pi kapab ede peyi pòv yo

- |                       |                            |
|-----------------------|----------------------------|
| (1) gen twòp angajman | (3) ofri gwo fòs           |
| (2) pa bay anpil      | (4) dakò pou pataje fado a |

43 Yon objektif komik sa a se pou

- |                                 |                                   |
|---------------------------------|-----------------------------------|
| (1) eksite opinyon piblik       | (3) jistifye netralite            |
| (2) eksplike pwogram etranje yo | (4) ekspoze pwoblèm anviwònman yo |

44 Yon fason Hammurabi ak Justinian sanble sèke yo

- (1) te kreye sistèm edikasyon piblik avèk siksè
- (2) kode lwa lanpi yo avèk siksè
- (3) mete gouvènman demokratik anplas avèk siksè
- (4) yo te separe legliz ak leta

45 Yon fason Trete Nanking ak Trete Vèsay sanble sèke nan toulède trete yo dispozisyon yo te mande

- (1) pou monak yo retounen nan plas legal yo
- (2) peyi ki pèdi nan lagè yo dwe peye reparasyon yo
- (3) pou yo konsève fwontyè ki egziste yo
- (4) pou yo kreye òganizasyon pou lapè yo

46 Gran Miray Lachin ak Miray Bèlen te deziyen pou

- (1) sispann avanse kominis lan
- (2) izole gouvènman enpopilè yo
- (3) limite mouvman pèp yo
- (4) anpeche pèp la vann machandiz nan kontrebann

47 Yon fason Miguel Hidalgo, Ho Chi Minh, ak Jomo Kenyatta sanble sèke yo tout te

- (1) dirijan mouvman pou endepandans
- (2) diktatè kominis
- (3) despòt eklere
- (4) defansè teyoloji liberasyon

48 Ki tit ki pi byen konplete lide pasyèl ki anba la a?

I. \_\_\_\_\_

- A. Gouvènman desantralize
- B. Itilizasyon jeneralize seyèri
- C. Plis pouvwa Legliz Katolik Women

- (1) Rezilta Rekonkista Panyòl
- (2) Patikularite Ewòp Feyodal
- (3) Aspè prensipal Vil-Eta Italyen yo
- (4) Rezilta Revolisyon Laglwa yo

49 Echanj kolonbyen pa twò asosye avèk kòmansman

- (1) mèkantilis
- (2) limanis
- (3) pwodiksyon an mas
- (4) sosyalis syantifik

50 Ki fòm gouvènman ki asosye avèk Magnificent, Akbar the Great, ak Peter the Great?

- (1) monachi konstitisyonèl
- (2) demokrasi dirèk
- (3) teyokrasi
- (4) monachi absoli

**Ou dwe ekri repons pou kesyon redaksyon an nan tiliv redaksyon apa a.**

**Nan devlopman repons ou pou Pati II a, asire ou panse ak definisyon jeneral sa yo:**

- (a) **dekri** vle di “pou montre yon bagay ak mo oswa pale osijè de li”
- (b) **diskite** vle di “fè obsèvasyon sou yon bagay pandan w ap sèvi ak reyalite, rezònman, ak diskisyon; prezante ak kèk detay”

## **Pati II**

### **KESYON REDAKSYON TEMATIK**

*Enstriksyon:* Ekri yon redaksyon byen òganize ki genyen ladan l yon entwodiksyon, plizyè paragraf ki pale osijè sa w gen pou fè anba a, ak yon konklizyon.

#### **Tèm: Chanjman—Revolisyon**

Pandan tout listwa, revolisyon yo te devlope pou bay repons pou plizyè kalite kondisyon. Revolisyon sa yo te pèmèt souvan chanjman politik, ekonomik ak sosyal ki enpòtan.

#### **Sa pou fè:**

Chwazi **de (2)** revolisyon epi pou yo **chak**

- Dekri sikonstans istorik ki te lakòz revolisyon sa a
- Diskite sou efè politik, ekonomik, **ak/oswa** sosyal revolisyon sa a

Ou ka itilize nenpòt revolisyon nan etid istwa ak jewografi jeneral ou. Kèk sijesyon ou ta ka vle konsidere gen ladan Revolisyon Neyolitik, Revolisyon Franse, Revolisyon Ayisyen, Revolisyon Endistriyèl, Revolisyon Ris, Revolisyon Meksiken, Revolisyon Kiltirèl Chinwa, ak Revolisyon Vèt nan Agrikilti.

**Ou pa limite a sijesyon sa yo sèlman.**

**Nan repons ou, pa itilize yon revolisyon nan istwa Etazini.**

#### **Gid:**

##### **Nan redaksyon ou asire ou**

- Devlope tout aspè nan sa w gen pou fè a
- Sipòte tèm lan avèk reyalite, egzanp ak detay
- Itilize yon plan òganizasyon ki lojik epi klè; mete yon entwodiksyon ak yon konklizyon ki pa yon repetisyon tèm nan

## Pati III

## KESYON KI BAZE SOU DOKIMAN

Kesyon sa a baze sou dokiman ki mache avèk li. Kesyon an la pou teste konesans ou pou travay avèk dokiman istorik. Kèk nan dokiman sa yo te revize pou kesyon sa a menm. Pandan w ap analize dokiman yo, panse ak sous chak dokiman epi nenpòt opinyon ki te kapab prezante nan dokiman an.

## Kontèks Istorik:

Pwogrè teknolojik tankou *flèch ak etriye Mongòl yo te itilize ansanm, karavèl Panyòl yo te itilize*, ak *itilizasyon chemennfè nan Lend* te afekte fason sèten sivilizasyon ak sosyete te kominike youn ak lòt. Te vin gen chanjman nan kominikasyon sa yo.

**Sa pou fè:** Avèk enfòmasyon ki nan dokiman yo ak konesans ou nan istwa Etazini, reponn kesyon ki vini apre chak dokiman ki nan Pati A. Repons ou pou kesyon yo ap ede ou ekri redaksyon Pati B kote y ap mande ou pou

Chwazi **de (2)** pwogrè teknolojik ki endike nan kontèks istorik la epi pou yo **chak**

- Eksplike kijan pwogrè teknolojik sa a te afekte kominikasyon yon sivilizasyon oswa yon sosyete espesyal avèk yon lòt gwoup
- Diskite sou chanjman ki te fèt nan kominikasyon sa yo

Nan devlopman repons pou Pati III a, asire ou panse ak definisyon jeneral sa yo:

- (a) **eksplike** vle di “fè yon bagay vin senp oswa fasil pou konprann; pou bay rezon oswa kòz yo; pou montre devlopman lojik oswa relasyon”
- (b) **diskite** vle di “fè obsèvasyon sou yon bagay pandan w ap sèvi ak reyalyte, rezonman, ak diskisyon; prezante ak kèk detay”



## Pati A

### Kesyon ak Repons Kout

*Enstriksyon:* Analize dokiman yo epi reponn kesyon ak repons kout ou ki swiv chak dokiman nan espas yo ba ou a.

#### Dokiman 1a



Sous: Mou-Sien Tseng, painting, New Masters Gallery online (adapte)

#### Dokiman 1b

... Mongòl yo te devlope yon flèch konpoze ki te fèt avèk tandon ak kòn epi yo te maton nan tire li pandan yo t ap mache, sa ki te bay yo avantaj fantasen òdinè yo. Avèk yon distans 350 yad, flèch la te siperyè avèk flèch long angle kontanporen [ki te egziste tou], ki te gen yon distans ki te sèlman 250 yad. Yon sèl ki fèt an bwa ak kui, ki te fwote avèk grès mouton pou anpeche li fann ak ratresi, te pèmèt cheval yo pote chaj kavalye yo a pandan anpil peryòd long, epi li te pèmèt kavalye yo konsève yon plas solid. Sakòch sèl yo te genyen kaswòl, vyann seche, yogout, boutèy dlo, ak lòt pwodui enpòtan pou ekspedisyon ki te long. Finalman, yon etriye solid te pèmèt kavalye yo pi estab epi gen plis presizyon nan tire lè yo te monte. Yon kwonikè chinwa te rekonèt valè cheval la pou Mongòl yo, paske li te obsève “nòmalmann yo [Mongòl yo] bon nan monte cheval ak nan tire flèch. Poutèt sa, yo te vin posede lemonn avèk avantaj sa a nan flèch ak cheval.”...

Sous: Morris Rossabi, “All the Khan’s Horses,” *Natural History*, October 1994

1a Dapre dokiman sa yo, ki avantaj etriye te bay gèrye Mongòl yo? [1]

---

---

Score

b Dapre dokiman sa yo, kisa teknoloji melanje flèch ak etriye konpoze te pèmèt Mongòl yo fè? [1]

---

---

Score

## Dokiman 2

... Menmsi anpil nan sa Mongòl yo te pwovoke [mennen] nan mach nan direksyon lwès yo te fè anpil dega, yo te jwenn kèk avantaj nan tantativ yo [atak] yo nan Ewòp ak nan konkèt yo nan zòn mizilman yo. Pa egzanp, yo te anseye nouvo fason pou fè lagè epi yo te bay bon jan enpresyon sou efikasite poud kanon lenmi tik ak ewopeyen yo.

Jan nou te wè sa, konkèt mongòl yo te fasilite [te ede] komès ant sivilizasyon yo nan chak fen Erazi, sa ki te fè echanj machandiz, zouti, ak lide te posib nan yon echèl ki pa t genyen anvan. Wout komèsyal ki relanse yo te pote gwo richès pou komèsan yo tankou komèsan nò Itali yo, ki te mete avanpòs nan lès Meditèrane, ansanm avèk lakòt Lanmè Nwa, epi jouk nan lès Lanmè Kaspè. Paske lanpi komèsyal sa Venisyen yo ak Jenwa yo te kreye te bay modèl [egzanp] pou antrènman pou ekspansyon pou peyi etranje avèk pèp tankou Pòtigè ak Anglè, yo gen enpòtans espesyal nan istwa jeneral....

Sous: Robert Guisepi, "The Last Great Nomadic Challenges - From Chinggis Khan to Timur,"  
*The Mongols*, International World History Project online

2 Dapre Robert Guisepi, kisa ki te **yon** chanjman ki te fèt nan kominikasyon ant Ewopeyen yo ak Mongòl yo? [1]

---

---

Score

### Dokiman 3

... Echanj diplomatik ant Ewòp Kretyen ak Azi Mongòl te pèmèt aparisyon premye kontrandi temwen kle oksidantal lwen Lès Azi. Pou premye fwa, yo te ekspoze Ewopeyen Oksidantal yo nan vrè dimansyon ak enpòtans mastè erazyen an; yo te ekspoze nan diferan kilti, kwayans, valè, atitud, ak enstitisyon; papote ak Ewòp te fòse lide jewografik etwat yo; yo te kòmanse reyalize yo te gen pou degaje yo epi asosye avèk lemond ki pa kretyen an avèk anpil diferan pèp, relijyon ak kilti li yo. Ewopeyen yo te afekte Mongòl yo ak lòt Azyatik yo ofi-amezi nan yon kote pèmanan nan lòd nòminal bagay yo; yo pa t eseye fòse tout pèp yo ankò nan yon plas oswa wòl bibliik jan yo te fè sa okòmansman pandan vizyon kretyen etwat Ewòp pou lemond ak tout pèp ki ladan. Oksidantal yo te reyalize yo pa t kapab refize rekonèt ak degaje yo avèk rès lemond senpleman paske li pa t Kretyen [epi] yo pa t kapab meprize ak fè tankou tout pèp ak kilti ki pa Kretyen pa t egziste. Answit, yo te entwodui Mongòl yo ak Azyatik yo nan chema entèlektyèl Lwès nan trèzyèm ak katòzyèm syèk....

Sous: Gregory Guzman, "Christian Europe and Mongol Asia: First Medieval Intercultural Contact Between East and West," *Essays in Medieval Studies, Volume 2*, Proceedings of the Illinois Medieval Association online

- 3 Dapre Gregory Guzman, kisa ki te **yon** efè Mongòl yo te genyen sou fason Ewopeyen yo te konsidere lemond? [1]

---

---

Score

## Dokiman 4a

### Karavèl



Sous: George R. Schwarz,  
Center for Maritime Archaeology and Conservation,  
Texas A & M University (adapte)

## Dokiman 4b

Avantaj Karavèl	Itilizasyon Karavèl
<ul style="list-style-type: none"><li>• Rapid</li><li>• Fasil pou itilize</li><li>• Fasil pou navige nan dlo ki pa fon</li><li>• Kapab navige nan direksyon van an avèk vwal kare</li></ul>	<ul style="list-style-type: none"><li>• Pote chay</li><li>• Fè lagè</li><li>• Pirataj</li><li>• Dekouvèt Amerik yo</li></ul>

4 Dapre dokiman sa yo, kisa ki te **de** (2) fason karavèl yo te afekte kominikasyon ewopeyen avèk lòt gwoup yo? [2]

(1) \_\_\_\_\_

Score

(2) \_\_\_\_\_

Score

## Dokiman 5

... Yo tout te kòmanse nan Española [Ispanyola] avèk sik, ki te deja yon danre plantasyon ki bay anpil pwofi nan Zile Atlantik Kanari ak Pòtigal nan kenzyèm syèk la. Kolon limenm te ekspedye sik ant Madè ak Jenèv nan ane 1478, epi manman premye madanm li te posede yon plantasyon sik nan zile sa a. Li te achte kann avèk li pou Española nan ane 1493, epi kann nan te grandi byen nan sòl Amerik la. Men devlopman endistri sik la te bay doulè dousman jouk lè Charles V te entèvni, pou egzije yo rekrite mèt sik yo ak teknisyen moulen yo nan Zile Kanari yo, epi pou otorize yo prete lajan pou bati moulen sik nan Española. Te gen tranngat (34) moulen sou zile a nan fen ane 1530 yo, epi sik la te youn nan de (2) pwodui debaz ekonomi zile a (lèt la ki se elvaj betay) jouk nan dènye pati sèzyèm syèk la....

Sous: Alfred W. Crosby Jr., *The Columbian Exchange: Biological and Cultural Consequences of 1492*, Greenwood Publishing (adapte)

5 Dapre Alfred W. Crosby, kisa ki te **yon** efè kolonizasyon panyòl te genyen sou zile Española? [1]

---

---

Score



## Dokiman 6

... Kwasans kann nan te vin yon gwo biznis. Toudabò, yo te fòse Ameriken Natifnatal yo travay nan plantasyon sik yo, gwo plantasyon yon pwopriyetè oswa yon sipèvizè t ap dirije. Yo te trete yo avèk anpil mechanste, epi anpil ladan yo te mouri. Answit, Panyòl yo te achte esklav nan Afrik pou fè travay la.

Yon nouvo estrikti sosyal te devlope. Pèp ki te fèt nan Espay te fòme pi gwo klas sosyal la. Moun ki te desandan ewopeyen yo ki te fèt nan koloni yo te vini answit. Pèp Ewopeyen ak Endyen melanje oswa ki te desandan afriken yo te nan mitan. Ameriken Natifnatal yo ak moun ki te desandan afriken yo te nan klas ki pi ba yo....

Sous: *Guide to the Essentials of World History*, Prentice Hall

6 Dapre dokiman sa a, kisa ki te **de** (2) chanjman nan Amerik yo ki te fèt nan komunikasyon avèk Panyòl yo? [2]

(1) \_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_


Score

(2) \_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

Score

## Dokiman 7a



Sous: Ashok K. Dutt et al., *India in Maps*, Kendall/Hunt Publishing Company (adapte)

## Dokiman 7b

Laj chemennfè te jwe yon wòl nan devlopman yon nouvo peryòd enperyalis.

... Answit, chemennfè kolonyal yo te pati pwosesis sa a pou devlope lanpi a, modèl ekonomik li yo, lide li yo ak enstitisyon li yo. Pwosesis te sitou menm jan toupatou nan lemond: pwodiksyon nouvo danre pou alimante endistri Lwès k ap boujonnen [k ap grandi vit]; nouvo popilasyon pou pwodui yo; nouvo modèl posesyon tè, ki konsène souvan depesyon abitan ki la anvan yo; nouvo kòd legal pou fè teritwa yo sezi yo vin pwoteje pou investisman ak eksplwatasyon. Se te konsa istwa lanpi tou kote yo te devlope....

Sous: Robert Lee, "Potential Railway World Heritage Sites in Asia and the Pacific," Institute of Railway Studies and Transport History, The University of York

7 Dapre dokiman sa yo, kisa chemennfè yo pèmèt puisans kolonyal yo fè? [1]

Score

## Dokiman 8

Ekstrè sa a analize sistèm chemennfè endyèn nan pwendvi nasyonalis endyèn an ant 1880 ak 1905.

... Yon revizyon politik chemennfè ki egziste te pèmèt yo [dirijan nasyonalis endyèn yo] konkli li te sitou kontwole nan enterè pèp endyèn an; epi li pa t satisfè bezwen endyèn yo ditou, sitou bezwen endistriyèl yo, epi li te sitou deziyen pou sèvi enterè ekonomik ak politik britanik yo. Yo te note chemennfè yo te jwe yon wòl enpòtan nan transmèt karaktè kolonyal la nan ekonomi endyèn an. Yo te menm kapab remake koneksyon k ap devlope ant devlopman chemennfè nan yon peyi k ap fè bak ak pouvwa finans k ap devlope nan peyi metwopoliten avanse ak konplikasyon politik ki vin genyen yo.

Yo te vle chemennfè yo sèvi enterè ekonomik nasyonal lè yo fasilite devlopman ekonomik, yo te konsidere answit kòm yon devlopman ki fòme kwasans endistriyèl ak agrikòl. Pou yo, bon jan politik chemennfè se te sa ki te ankouraje yon bon jan politik endistri endyèn ak travo piblik, youn ki te bay priyorite pou irigasyon ak agrikilti. Yo te vle politik chemennfè pou bay bon jan fòs pou eta finans endyèn ak ekonomi endyèn...

Sous: Bipan Chandra, "Economic Nationalism and the Railway Debate, circa 1880–1905," in *Our Indian Railway*, Foundation Books (adapte)

8 Dapre Bipan Chandra, kisa ki **yon** enkyetid dirijan nasyonalis endyèn yo te genyen konsènan politik chemennfè britanik? [1]

---

---

Score

## Dokiman 9

... Chemennfè yo te fasilite, konekte ak kowòdone anpil kategori pwosesis sosyo-ekonomik, epi yo te kolabore avèk sistèm transpò ak kominikasyon gran echèl. Pa egzanp, chemennfè yo te pèmèt mache nasyonal ki gen pri k ap konvèje pou grenn alimantè [pou redui diferans ant pri yo] pou parèt nan ane 1880 yo; menm chemennfè yo te fè li posib pou vilajwa peyizan yo fè pelerinaj rapid (nan kèk jou oswa mwens) pandan repo kout yo [soulajman] nan demann agrikilti. Kòm poto-mitan solid dominasyon britanik nan Lend, sòlda britanik yo ak zam li yo, te kapab tire nan plizyè direksyon nan mwens kote lè yo te konnen chemennfè yo te kapab pote twoup yo vit nan zòn ki gen twoub yo. Piblikasyon sa ki te vin elan anpil prè Endyen yo te posede ak enprime nan lang endyen ak nan lang Angel te jwenn mache ki bay anpil pwofi. Chemennfè yo ki t ap kolabore ansanm [youn ak lòt] avèk biwo lapòs te fasilite gwo ekspedasyon liv, magazin ak jounal ki pa t chè, pami anpil ki te vin gen oryantasyon nasyonalis....

Sous: Ian J. Kerr, *Engines of Change: The Railroads That Made India*, Praeger

9 Dapre Ian Kerr, kisa ki te **de (2)** chanjman ki te genyen nan konstwiksyon chemennfè britanik yo? [2]

(1) \_\_\_\_\_

Score

(2) \_\_\_\_\_

Score

## Pati B

### Redaksyon

*Enstriksyon:* Ekri yon redaksyon byen òganize ki gen ladan l yon entwodiksyon, plizyè paragraf, ak yon konklizyon. Itilize prèv nan *omwen kat (4)* dokiman nan redaksyon w lan. Sipòte repons ou avèk reyalite, egzanzp ak detay. Ajoute enfòmasyon ki sòti lòt kote.

#### Kontèks Istorik:

Pwogrè teknolojik tankou *flèch ak etriye Mongòl yo te itilize ansanm, karavèl Panyòl yo te itilize, ak itilizasyon chemennfè nan Lend* te afekte fason sèten sivilizasyon ak sosyete te kominike youn ak lòt. Te vin gen chanjman nan kominikasyon sa yo.

**Sa pou fè:** Avèk enfòmasyon ki nan dokiman yo ak konesans ou nan istwa jeneral, ekri yon redaksyon kote ou

Chwazi *de (2)* pwogrè teknolojik ki endike nan kontèks istorik la epi pou yo *chak*

- Eksplike kijan pwogrè teknolojik sa a te afekte kominikasyon yon sivilizasyon oswa yon sosyete espesyal avèk yon lòt gwoup
- Diskite sou chanjman ki te fèt nan kominikasyon sa yo

#### Gid:

##### Nan redaksyon ou asire ou

- Devlope tout aspè nan sa ou gen pou fè a
- Mete enfòmasyon ki soti nan *omwen kat (4)* dokiman
- Mete ladan l lòt enfòmasyon enpòtan
- Sipòte tèm nan avèk reyalite, egzanzp ak detay
- Itilize yon plan òganizasyon ki lojik ak klè; mete yon entwodiksyon ak yon konklizyon ki pa yon repetisyon tèm nan



